



Kapasite timoun pou aprann ak kominike pral devlope lè yo koute moun k ap pale avèk yo e otou yo. Malerèzman, siy pèt odisyon yo pa toujou evidan. Anba a gen kèk konpòtman pitit ou sipoze ap fè ant laj 0 – 24 mwa. Si pitit ou pa montre konpòtman sa yo nan laj ki endike anba yo, tanpri kontakte doktè swen prensipal ou oubyen yon odyològ lokal pou pwograme yon depistaj odisyon pou pitit ou. Genyen yon lis odyològ nan Indiana ki ka fè depistaj pou timoun piti sou www.hearing.in.gov oubyen ou ka rele nou nan **317-232-0972**.

NESANS jiska 3 MWA

- Fè silans lè moun pale avèk li.
- Chanjman aksyon souse an repons ak son.
- Sote lè gen bri sibit ak fò.
- Fè son vwayèl tankou "ou" oubyen "ahh".
- Kòmanse fè kri, son kou, souri, ak fè ti gòj.

3-6 MWA

- Chache son ak je li eyes.
- Renmen jwèt ki fè bri.
- Ri.
- Kòmanse babye ak son tankou "baba", "gaga", "mama", oubyen "dada".
- Vokalize eksitasyon ak dezapwobasyon.



6-9 MWA

- Vire je li nan direksyon bri dou ak fò.
- Renmen jwèt tankou peek-a-boo ak pat-a-cake.
- Itilize bri ki pa kriye pou li atire ak kenbe atansyon moun.
- Imite diferan bri li tandè.
- Konprann "non-non" oubyen "babay".
- Li babye menm lè li pou kont li.



9-12 MWA

- Repòn lè moun rele non li.
- Chanje vwa li pou li monte ak desann wotè lè l ap babye.
- Repòn mizik ak mate oubyen fè son an repons.
- Itilize 1 oubyen 2 mo kòrèkteman (babay).
- Repete mo mama ak dada kòrèkteman.

12-18 MWA

- Kòmanse repete konsòn lè li pale tankou m, n, p, b, d, w, h.
- Aprann nouvo mo chak semèn e li ka konprann anpil mo.
- Kòmanse devlope yon vokabilè 10-20 mo enpòtan ki melanje avèk jagon.
- Konprann kesyon senp ki gen repons wi oubyen non oubyen "pa kounye a" ak "pa ankò".
- Pwente sou pati nan kò lè moun mande.



18-24 MWA

- Swiv kòmandman senp e konprann kesyon senp.
- Itilize fraz ki gen de mo ki plizoumwens konpreyansib tankou "kote mimi?" oubyen "plis bonbon".
- Vokabilè gen plis pase 20 mo, ak plis mo chak mwa (gen yon mo li itilize pou pi fò objè.)
- Pwente sou imaj nan liv lè moun nonmen yo.
- Koute mizik, rim, ak istwa avèk enterè.

Pou plis enfòmasyon sou EHDI, vizite nou sou web la sou www.hearing.in.gov oubyen ou ka rele nou nan 317-232-0972.

